



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 jen 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI SANTI JISTIS POU PWOTEKSYON MOUN KI GEN BEZWEN
ESPESYAL YO**

***Ajans Eta New York pral Aplike Estanda ak Pratik ki pi Sevè nan Nasyon an pou Pwoteje Plis pase 1
Milyon Nouyòkè ki gen Bezwen Espesyal ak Andikap***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal, yon nouvo ajans eta a k ap aplike estanda ak pratik pi sevè nan nasyon an pou pwoteje kominote ki bezwen espesyal kont abi ak neglijan. Sant Jistis te kreye nan pwojè-lwa Gouvènè a te alatèt ane pase pou fè refòm nan fason eta a ap pran swen moun ki gen bezwen espesyal yo. Ajans lan pral kòmanse operasyon yo demen, dimanch 30 jen an.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Apati demen, Sant Jistis pral devwe pou aplike pwoteksyon ki pi sevè nan nasyon an pou plis pase yon milyon Nouyòkè ki gen bezwen espesyal. Ane pase, nou te adopte pwojè-lwa enpòtan ki te reprezante yon angajman pou kreye pwoteksyon sa yo ki dwe la depi lontan epi kounye a nou wè angajman sa a avèk ouvèti nouvo ajans dènye modèl sa a. Sant Jistis pral bay sipèvizyon serye ak transparans pou enfrastrikti nan eta a ki responsab pou pran swen moun ki gen bezwen espesyal yo, anpeche neglijan ak abi, epi asire y ap kenbe san pwoblèm nenpòt moun ki fè krim epi penalize moun nan pou aksyon li. Anba Sant Jistis la, n ap travay san pran souf pou bay dwa ak pwoteksyon pou sitwayen nou yo ki pi frajil.”

Sant Jistis pral ranfòse toutbon nivo kontwòl, sipèvizyon ak responsablite pwogram ak enfrastrikti leta opere, lisansye oswa sètifye ki sèvi plis pase yon milyon Nouyòkè ki gen andikap devlopman, maladi mantal, twoub abi dwòg/alkòl, ak timoun nan sant rezidansyèl yo. Ajans lan ap swiv, mennen ankèt ak pouswiv nan lajistis akizasyon abi ak neglijan ki pi grav yo kont moun ki frajil yo.

Yon patikilarite enpòtan Sant Jistis la se operasyon yon liy dirèk li toupatou nan eta a ak sistèm rapòtaj ensidan ki fonksyone avèk plis pase 70 anplwaye pwofesyonèl fòme sou abi ak neglijan, 24 èdtan pa nou, sèt jou pa semèn. Depi Liy Dirèk Rejis Santral Moun Frajil (VPCR) resevwa yon rapò, yo note ak evalye rapò a. Y ap afekte ka grav abi oswa neglijan yo ba anketè Sant Jistis oswa ba yon ajans lapolis lokal pou yon lòt ankèt.

Sant Jistis ap chèche derasinè moun ki pa ta dwe travay avèk moun ki gen bezwen espesyal. Ajans lan

Haitian Creole

konsève yon rejis nan eta a konsènan tout moun yo te jwenn ki responsab pou zak abi ak neglijan ki pi grav oswa ki repete, epi ki, dapre nouvo lwa a, entèdi pou yo pa janm travay ankò avèk moun ki andikap oswa ki gen bezwen espesyal.

Sant Jistis la ap swiv pwogrè sistematik epi l ap fè kèk rekòmandasyon anrapò avèk swen ak tretman Nouyòkè ki jwenn sèvis nan enfrastrikti ak ajans founisè leta.

Jeffrey Wise te konfime pa twò lontan nan Sena Eta New York pou sèvi kòm Direktè Egzekitif Sant Jistis la. Mesye Wise ap pote plis pase 25 ane sèvis nan sektè piblik la ak sektè non komèsyal. Pa twò lontan, Mesye Wise t ap sèvi kòm prezidan NYS Rehabilitation Association (NYSRA), yon asosyasyon komèsyal òganizasyon kominotè eta a k ap bay sèvis sipò pou moun ki gen andikap entèlektiyèl/devlopmantral, pwoblèm sante mantal ak lòt andikap. Li te sèvi tou kòm yon avoka rechèch pou Komisyon Revizyon Lwa Eta New York, kowòdonatè lejislatif pou Asosyasyon Swen Sante Kominotè Eta New York, ak yon analis jeneral politik nan Kowalisyon pou Sanzabri ki baze nan Manhattan.

Direktè Egzekitif Jeffrey Wise di konsa, “Sant Jistis la pran angajman pou prensip debaz ki endike tout Nouyòkè ki gen bezwen espesyal dwe jwenn pwoteksyon kont abi ak neglijan, epi yo dwe resevwa pi bon swen posib la. Objektif nou se pou Eta New York vin san parèy nan nasyon an nan sistèm swen, sipò ak sèvis li.”

Patricia Gunning ap sèvi kòm Pwokirè Espesyal ak Enspektè Jeneral pou Sant Jistis la k ap mennen ankèt sou abi ak neglijan, epi l ap pouswiv nan lajistis akizasyon ki sòti nan nivo zak kriminèl yo. Madam Gunning ap pote yon deseni eksperyans li nan lapolis nan pouswiv nan lajistis krim kont moun ki frajil.

Pa twò lontan, li te sèvi kòm Chèf Inite Viktim Espesyal nan biwo Pwokirè Distri Konte Rockland. Nan pòs travay sa a, li te jere tout etap pouswit nan lajistis pou ka ki konsène abi ak neglijan sou moun ki gen andikap mantal ak fizik, abi fizik ak kadejak sou timoun ak granmoun aje, ak moun ki viktim nan vyolans nan kay. Answit, li te bay fòmasyon sou pwoblèm ki asosye avèk viktim espesyal pou ofisyèl lapolis, pwofesyonèl medikal ak gwoup kominote lokal. Ant ane 2003 ak 2008, Madam Gunning te yon Asistan Pwokirè Distri pou Konte Kings, kote li t ap sèvi nan Biwo pou Krim Kont Timoun. Nan pòs travay sa a, li te jere dosye ki konsène abi sou moun andikape, li te travay anpil avèk lapolis ak moun ki viktim nan krim nan tout etap pouswit kriminèl, anvan ak apre arestasyon. Pandan fonksyon li, li te rezoud yon gwo kantite dosye deli ak dosye krim.

Patricia Gunning di konsa, “Mwen te pase karyè mwen ap chèche lajistis pou moun ki frajil yo. Mwen gen rekonesans pou opòtinite san parèy sa a pou asire moun ki fè abi oswa neglijan sou Nouyòkè ki gen bezwen espesyal ale nan lajistis nan dènye limit lalwa. Menmsi dosye sa yo kapab difisil, Lwa sou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal bay Sant Jistis zouti san parèy pou fè moun ki fè krim kont popilasyon sa a pran responsablite yo pou aksyon yo epi answit pou devlope mezi pou pa kite ensidan sa yo rive pidevan.”

Men kèk nan ajans ki anba jiridiksyon an Sant Jistis: Depatman Sante (DOH); Biwo Sante Mantal (OMH); Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral (OPWDD); Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (OCFS); Biwo Sèvis

Haitian Creole

pou Abi Alkòl ak Estipefyan (OASAS); ak Depatman Edikasyon Eta a (SED).

Avèk kreyasyon li, Sant Jistis te gen pifò nan fonksyon ak responsablite ansyen Komisyon Bon Kalite Swen ak Defans pou Moun Andikape (CQC) yo. Pwogram Pwoteksyon Federal ak Defans ak Asistans pou Kliyan Komisyon an t ap jere anvan te jwenn deziyasyon Gouvènè Cuomo anvan nan Disability Rights New York, yon ajans non-komèsyal.

Lòt pwoteksyon ak amelyorasyon ki anplas kounye a gen ladan sa ki anba la yo:

- Yon definisyon ki konsistan pou abi ak neglijan ki aplike nan tout enfrastrikti ak ajans founisè eta a;
- Estanda ki menm jan pou pwosedi ankè tankou kalifikasyon ak fòmasyon anplwaye ak fòmasyon pou rapòtè ki gen obligasyon;
- Yon Kòd Konduit ki gen estanda etik debaz kote tout moun k ap travay avèk moun ki gen bezwen espesyal ak andikap siyen ak pran responsablite yo pou sa yo siyen an;
- Ranfòsman pwosedi kontwòl dosye kriminel, tankou yon revizyon ak evalyasyon istwa kriminel pou nenpòt moun ki aplike pou vin yon anplwaye, volontè, oswa konsiltan nan nenpòt enfrastrikti oswa ajans founisè OMH, OPWDD, OASAS ak OCFS opere, lisansye, oswa sètifye;
- Kreyasyon yon nouvo baz done ki gen rapò rejis santral, rezilta ankèt yo, ak kalite mezi korektif yo pran. Y ap itilize enfòmasyon sa yo pou idantifye modèl ak tandans ki asosye avèk abi ak rapòtaj abi ki kapab mennen nan amelyorasyon nan swen ak tretman moun pwogram andikap leta ap sèvi;
- Yon Konsèy Konsiltatif k ap bay oryantasyon pou Sant Jistis nan devlopman règleman, règ, plan ak pwogram. Manm yo gen ladan moun ki gen eksperyans nan swen ak tretman moun ki gen andikap, defans, ak moun -- oswa man fanmi moun yo -- ki te patisipe nan pwogram yo oswa ki te resevwa sèvis nan ajans founisè yo; epi
- Yon nouvo nivo transparans pou enfrastrikti prive ak pwogram ki gen lisans oswa sètifika eta a pou sèvi moun ki andikape oswa ki gen bezwen espesyal. Enstitisyon dwe swiv kounye a gid transparans ki baze sou FOIL pou demann enfòmasyon konsènan abi oswa neglijan sou moun y ap sèvi yo.

Lè Sant Jistis la gen tout fè tout anbochaj yo, l ap anplwaye ant 250 ak 200 moun nan biwo santral li ki nan 161 Delaware Avenue nan banlye Delmar nan Albany, epi l ap gen anketè yo nan kat rejyon eta a.

Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon sou fonksyon Sant Jistis la sou sitwèb li nan www.justicecenter.ny.gov.

Yo te devlope nouvo pwojè lwa Gouvènè a, an pati, dapre rekòmandasyon ki endike nan The Measure of a Society (Mezi yon Sosyete): Pwoteksyon Moun Frajil ki nan Sant Kote Moun Abite Kont Abi ak Neglijan, yon rapò espesyal Mr. Clarence Sundram prepare. Li se Konseye Espesyal Gouvènè a pou Moun ki Frajil. W ap jwenn yon kopi rapò sa a nan sitwèb:

<http://www.governor.ny.gov/assets/documents/justice4specialneeds.pdf>

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole